ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

Қарақалпақ филологиясы факультети

Қарақалпақ әдебияты кафедрасы

Турдыбаев Қонақбай Кеўлимжаевич

# *Әжиниязтаныў*
# *пәни бойынша лекция текстлери*

**(5220100 Қарақалпақ филологиясы бакалавр бағдары ушын)**

НӨКИС – 2006

# Кирисиў

## Пәнниң мақсети ҳәм ўазыйпалары

## Әжиниязтаныў пәнининң пайда болыўы,қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышлары

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты басқа дәўирлерге қарағанда айырым өзгешеликлери менен ажыралып турады. Бунық ең баслы себеби, қарақалпақ әдебиятынық бул дәўирде өркенлеп өсиўи, жазба әдебияттың толық қәлиплесиўи мәселелери менен баҳалаў мүмкин.

Бул дәўир қарақалпақ мәдениаты тарийхында Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш сыяқлы белгили көркем сөз шеберлерин алып кирди. Олар ҳақылы рәўиште қарақалпақ классиклери атанды. Соның ушында бул дәўир қарақалпақ әдебиятының ең гүлленген дәўирлеринен дәрек береди.

Биз базда Күнхожаны, базда Әжиниязды қарақалпақ жазба әдебиятының баслаўшысы сыпатында қарап жүрмиз. Бундай болыўының себеби, Күнхожадан да жазба мийрас қалмаған. Бирақ, профессор Ҳ. Ҳамидов туўры сыпатлағанындай-ақ: «Күнхожа шығармалары шын мәнисиндеги жазба әдебияттың үлгиси». Ал оннан 25 жылдан кейин өткен Әжинияз шайыр болса өз шығармаларын пүткиллей жазба рәўиште тарқатқан.

Әжинияз ҳаққында жазылған илимий изертлеў жумыслары, монографиялық ҳәм илимий мақалалар әдеўир бар. Усы изертлеўлер тийкарында илимде Әжиниязтаныў пәни яғыный Әжиниязтаныў илими қәлиплести. Бул пән ҳәзирги дәўирде жоқары оқыў орынларының қарақалпақ филологиясы факультетининң 3-курсларында пән сыпатында үйренилмекте.

XIX әсирде жасаған қарақалпақ классикалық шайырлары ҳаққында ең биринши илимий изертлеў жумысларын алып барған алым Н. Дәўқараев болып табылады. Ол өзи илимий экспедициялар шөлкемлестирип, қарақалпақ әдебияты тарийхы илимин тутас изерледи. Булардың ишинде Әжинияз поэзиясы айрықша орынды ийелегенлигин атап өтиўимиз керек. Н. Даўқараевтың «Революциядан бурынғы қарақалпақ классиклеринң дөретпелери»-деп аталған кандидатлық диссетациясы 1946-жылы жақланды. Бунда әсиресе Әжинияз бенен Бердақ шығармаларына айрықша орын берилген. Соның ушында ол Әжинияздың ең дәслепки изертлеўшилериниң бири болып қалды. Буннан кейин көп жылларға шекем Әжинияз ҳаққында арнаўлы изерлеўлер алып барылған жоқ. Бул ҳаққында жазылған айырым мақалалар менен бир қатарда 1950-жылы жәрияланған, орта мектеплердиң 9-класына арналған сабақлығында С. Ахметов пенен Б. Исмайлов өзлериниң Әжинияз ҳаққындағы ойларын ораға салады.

1960-жылларды Әжинияз позиясын изертлеўде бирқанша жанланған жыллар сыпатында қараўға болады. Бул жыллары баспа сөзде белгили алымлар И. Т. Сағитов, Қ. Мақсетов, А. Муразаев, А. Каримов, Қ. Султанов өзлериниң Әжинияз ҳаққындағы мақалалары менен көрине баслады. Әжинияз қолжазбалары ҳаққында Ҳ. Ҳамидов, А. Бердимуратов, К. Мамбетов өзиниң дәслепки пикирлерин билдирди. Халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың «Әжинияздың алтын ғәзийнесине кир шалмасын»-деп аталған көлемли мақаласы жәрияланды. К. Мәмбетовтың «Қарақалпақ әдебиятында Шығыс классиклениң дәстүрлери»-деп аталған кандидатлық диссетациясында Әжинияз

поэзиясындағы Наўайы, Физулий ҳәм Мақтымқулы дәстүрлери қәлемге алынды.

Бирақ, бул дәўирде де Әжинияз ҳаққында арнаўлы монграфиялар жазылған жоқ. Қарақалпақ алымлары Әжиниязды арнаўлы түрде изертлеўге асыққан жоқ. Бунын айырым себеблери де бар еди. Әжиниязды арнаўлы түрде изерлеў ушын Шығыс тиллерин анық билетуғын үлкен шайырлық лабызға ийе алымлар керек еди. Соның ушын да көпшилик алымлар өзлерин кишпейлликке салды. Ал оның менен арнаўлы шуғылланыўшыларда ўақытты созыўға мәжбүр болды. Солай етип Әжинияз ҳаққында монография жазыў 80-жылларға шекем даўам етти. Бул жағдай бир жағынан Әжинияздың даңқын асырса, екинши жағынан оның әдебият ҳаққындағы орнын кемиситиўге алып келди. Себеби жоқары илим орайлары 80-жылларға шекем араўлы изертленип, тарийхтан өз орнын таппаған адамның үлкен классик шайыр болғанлығына гүманлана баслады. Лекин, бул арада әдеўир табыслы ислер әмелге асырылды.

Мәселен, бул жыллары Әжинияздың таңламалы шығармалары бес мәртебе баспадан шықты. (1940, 1960, 1965, 1975, 1985-жыллар.) Бул топламларды шығарыўда Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпастан филиалы Н. Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият инситутының алымлары жемисли мийнет етти.

Әжинияз ҳаққында жаңа пикирлер шайыр И. Юсуповтың «Дала Орфейи», профессор И. Т. Сағитовтың «Қарақалпақ халқының уллы классик шайыры» мақалаларында көрине баслады. Бул жағдайлар алымлардың Әжиниязға болған дыққатын әдеўир күшейтип жиберди. Сол тийкарда Әжиниязтаныў илими пайда бола баслады. Бул бағдарда Әжинияз ҳаққындағы мақалалар жазып

жүрген илимпазлардан тысқары айрықша төрт адамның атын атап өткен мақул. Булардан Ә. Пирназаров ҳәм Қ. Байниязовтың мийнетлери 70-жыллардағы әдебиятқа тийисли болса, қалған екеўи Айдар Муртазаев пенен Байекеш Қәлимбетовтың Әжинияз ҳаққындағы мийнетлери 80-жыллардағы әдебиятқа тийисли.

Филология илимлериниң кандидаты Қырықбай Байниязовтың «Қосықтың күши» китабындағы Әжинияз ҳаққында монография жазыў ҳаққындағы нийетин толық қуўатлаўға болады. Бул мийнет көркем очеркке усап кеткени менен де ондағы автордың Әжинияз жүрген жоллардан жүрип, шайыр ҳаққында илимий фактлерди топлап алыўы да бул мийнети өз алдына баҳалаўды талап етеди.

Филология илимлериниң кандидаты Айдар Муртазаев қарақалпақ әдебияты тарийхы бойынша белгили қәнигелердиң бири. Оның негизги жумыслары Бердақ мийрасларын изертлеўге қаратылған менен «Шайырдың муҳаббаты» (Нөкис, «Қарақалпеақстан», 1988-жыл) деген ат пенен Әжинияз ҳаққында монографияда жазды.

Бул монографияның әдеўир сәтли жазылған бапларының бар екенлигин тән алғанымыз мақул. Ол өзи текстолог алым болғаны ушын Әжинияз қолжазбаларына үлкен итибар береди. Бирақ, информаторлардан жазып алынған ҳәрқандай қосық түп нусқа бола бермеслигин айтып өткимиз келеди. А. Муртазаевтың «Әжинияз поэзиясы өзиниң тили ҳәм стили бойынша басқа қарақалпақ шайырларынан әдеўир ажыралып турады»-деп айтыўында үлкен ҳақыйқатлық бар.

Ал, әдебиятшы Байекеш Қәлимбетов болса Әжиниязды илимий журтшылыққа танытқанлардан бири: Ол Өзбекстан

Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы И. Сағитовтың басшылығы астында «Әжинияз лирикасы»-деп аталған филология илимлеринин кандидаты дәрежесин алыў ушын табыслы диссертация жақлады. Ол соңғы дәўирде «Әжинияз лирикасы» деп аталған темада қакрақалпақ ҳәм рус тиллеринде монография жәриялады. Бирақ буның менен Әжинияз поэзиясы толық изерленген деп қараўға болмайды. Себеби, Әжинияз қарақалпақ классиклери арасында үш тилди (араб,парсы,түркий) анық ийелеген шайыр. Соның ушын оның поэзиясын тек қарақалпақ тилиниң мүмкиншиликлери тийкарында ашып көрсетиў қыйын. Оның үстине өзи әбден жетилискен шайыр. Поэзиясында араб ҳәм парсы классиклеринен тысқары Хожа Ахмет Яссаўий, Сүўпы Аллаяр, Мақтумқулы дәстүрлери әбден араласып кеткен. Кемине, Молланепеслерден де әдеўир үйренген. Буның үстине қарақалпақ аўызеки әдебият дәстүрлери қосылған. Солайынша оның поэзиясы әдеўир тереңлесип бара береди. Усындай себеплер менен ол және де тереӊ изертлеўди талап етеди. Әжинияз поэзиясы менен ең дәслеп Нәжим Дәўқараев шуғылланған болса, соңынан И. Сағитов, С. Ахметов, Қ. Мақсетов, Б.Исмайлов, К. Мәмбетовлар көлемли мақалалар жәриялады.

Соңғы дәўирлерде Артық Каримов, Қәлимбет Султанов, Сарыгүл Баҳадырова, Ҳуснатдин Ҳамидов, Қонысбай Камалов, Әбдисайыт Пахратдинов, Кеңесбай Алламбергенов, Ю. Пахратдинов, Айымқул Пирназаров, Өсербай Әлеўов, Гүлистан Даўлетовалардың мийнетлерине дыққат аўдарыў мүмкин. Әсиресе Әжинияздың шайырлық лабызы ҳаққында талантлы шайырларымыздың пикир билдиргени жақсы болды. Баспа сөз бетлеринде Тилеўберген Жумамуратовтың «Әжинияздың алтын

ғәзийнесине кир шалмасын», И. Юсупофтың «Дала Орфейи», Бахтияр Генжемуратовтың «Әжинияздың лирикалық қаҳарманлары» мақалалары Әжиниязтаныў илиминде үлкен жаңалықлардың бири болып, бизлерде еле де болса Әжинияз поэзиясына тереңирек сығалап қараўымызға мәжбир етти.

Бахтияр Генжемуратов 1997-жылы «Әжинияз лирикасының поэтикасы»-деп аталған монографиялық жумысы баспадан шықты. Бул жумыс тийкарынан алғанда Әжинияз лирикасының поэтикасы, көркем сүўретлеў қураллары, стилистикалық фигуралар терең үйрениледи.

Әжинияз поэзиясының изертлениў жағдайлары тап усындай бир өзгешеликлер тийкарында алып барылмақта.

# Қырықбай Байниязовтың «Қосықтың күши» мийнети

Жобасы:

1. Қ.Байниязовтың «Қосықтың күши» мийнети туўралы улыўма сыпатлама.
2. Қ. Байниязовтың Әжинияз шайыр ҳаққындағы ой-пикирлери.
3. Қ. Байниязов Әжинияз шығармаларының идеялық-тематикалық ҳәм көркемлик өзгешеликлери ҳаққындағы пикирлери.
4. Қ. Байниязов Әжинияз шайырдың әдебий оралығы ҳаққындағы пикирлери.

Филология илимлериниң кандидаты Қырықбай Байниязовтың «Қосықтың күши» миийнети 1977-жылы Нөкис қаласындағы «Қарақалпастан» баспасында жарық көрди. Бул мийнет көркем очеркке усап кеткени менен де ондағы автордың Әжинияз жүрген жоллардан жүрип, шайыр ҳаққында илимий фактлерди топлап алыўы да бул мийнети өз алдына баҳалаўды талап етеди. Ол усы мийнетинде қарақалпақ әдебиятының туўысқан халықлар әдебиятлары менен өз-ара байланыс проблемалары, классик шайырлардың поэтикалық стиль өзгешеликлери ҳәм қосықтың идеялық-көркемлик күши мәселелери кеңнен изертленеди. Мийнетте «Әжинияз шайыр ҳаққындағы ойлар», «Бердақ шайырдың айырым шығармалары ҳаққында» ҳәм т.б. баҳалы мағлыўматлар береди.

Қосық-лирикалық жанрдың майда түрлерин есаплап, өзине тән идеялық-көркемлик өзгешеликлери менен айырылады. Қосық- халқымыздың рухый ғәзийнеси. Бизиң ата-бабаларымыз өзлериниң қуўанышын да, сүйиўшилик ҳәм жек көриўшилик сезимлерин де

көркем сөз бенен жүрек тарларын тебрентиўши намалар арқалы сәўлелендирген.

XIX әсирдеги ең көрнекли қарақалпақ шайыры Әжинияз Қосыбай улы күтә сийрек ушырасатуғын тәбийғый талантқа ҳәм өзиниң дәўири ушын көпшиликтиң қолы жете бермейтуғын илим дәрежесине ийе болды.

Әжинияз шайыр Шығыс әдебияты классиклериниң дөретиўшилик дәстүрилерин өзинше өзлестиреди ҳәм алға раўажландырады. Ол жаңашыл шайыр болып, қарақалпақ поэзиясына жаңа жанрлар менен сүўретлеў усылларын енгизди. Солай етип, Қосыбай улы қарақалпақ әдебиятын идеялық-көркемлик жақтан байытып, оны жаңа раўажланыў басқышына көтереди.

Әжинияздың көп санлы лирикалық қосықлары менен «Бозатаў» поэмасы автордың тири ўақтында-ақ қарақалпақ халық қосықларына айланып, бақсылар ҳәм қосықшылар тәрепинен атқарылады. Шайырдың бир қанша шығармалары кәтиплер қолдан көширип жазып, қыссаханлар өз репертуарына енгизип, халыққа оқып береди.

Әжинияз Қосыбай улының шығармаларын жыйнап, басып шығарыў жумыслары кеңес ҳүкиўмети дәўиринде шынлап қолға алынды. Бул тараўда Қ. Айымбетов, Н. Дәўқараев, С. Мәўленов , Ш. Хожаниязов, И. Сағитов, А. Каримов, Б.Исмайлов, Ҳ. Ҳамидов ҳәм басқа да әдебиятшы-илимпазлар жемисли мийнет иследи.

Әжинияз шығармалары бизиң дәўиримизге еки түрли усы менен жетип келди. Әўладтан-әўладқа аўызша түрде таралған вариантлары ҳәм қол жазба нусхалар арасында әдеўир өзгешеликлер бар.

Әжинияз шайыр Хийўада бай әдебий орталыққа дуўшакер болды. Бул жерде ол, бириншиден, араб-парсы тиллериндеги көркем әдебиятлар менен кеңнен танысады, екиншиден, Физулий, Наўайы, Мақтымқулы усаған уллы шайырлардың дөретиўшилик дәстүрлерин жетик өзлестиреди, үшиншиден, өзиниң заманлас шайырлары менен тиккелей дөретиўшилик байланыслар жасайды. Булардың ҳәммеси Әжинияз дөретиўшилигинде жаңа идеялық-көркемлик қәсийетлерди қәлиплестиреди.

Әжинияз шайыр Шығыс әдебияты классиклериниң шығармаларын өзи үйренип ғана қоймастан, оларды қарақалпақ тилине аўдарады ҳәм халық арасында кеңнен таратады. Бул тараўда Әжинияз шайыр менен түркмен әдебияты классиклериниң арасындағы өз-ара байланыслар айрықша дыққатқа ылайық болды. «Түркмен шайыры Мақтумқулының шығармаларын өз-халқының арасына таратыўда Әжинияз шешиўши роль ойнайды»- деп жазады түркмен илимпазы Қ. Сейтмуратов. Ол Мақтумқулының қосықларын қарақалпақ тилине аўдарады ҳәм оларды халық арасына оқып береди. Мине, сонлықтан да Әжинияз жасаған Мойнақ ҳәм Қоңырат районларында Мақтымқулының шығармалары оғада кең таралған.

Ҳақыйқатында да Әжинияз түркмен әдебияты классиклеринен Молланепес, Шейдалы, Ғәрипнияз ҳәм басқада шайырлардың шығармаларын күтә жақсы билген.

Әжинияз шайыр халықлары әдебиятларының уллы классиклери-Фирдаўсий, Саадий, Физулий, Наўайы ҳәм Мақтумқулының шайырлық дәстүрлеринен үлги алады ҳәм оларды қарақалпақ аўызеки дөретпеси, классикалық поэзиямыздың ең жақсы дөретиўшилик принциплери менен шебер ушластыра

биледи. Солай етип, Әжинияз шайыр қарақалпақ жазба әдебиятын жоқары раўажланыў басқышларына көтереди және классикалық поэзиямысты жаңа идеялық-көркемлик белгилер менен байытады.

Шайырдың барлық шығармалары жанрлық жақтан лирикалық қосықлар ҳәм поэмалар болып үлкен еки топарға бөлинсе , киши көлемдеги дөреттпелери өз нәўбетинде ашықлық, философиялық ҳәм сисый лирикалардан ибарат еди.

Әжинияз Қосыбай улы қосық жазыўда күтә жас ўақтынан баслады. 16-18-жасларында, Соркөл аўылындағы Елмурат ахун мешитинде оқып жүрген дәўирде-ақ Әжинияз шайыр ашықлық лирикасының шебери болып танылды. Ашықлық қосықларын жазыў ҳәр қандай шайырдың қолынан келе бермейди.

Әжинияз шайырдың ашықлық қосықларындағы лирикалық қаҳарман моральлық жақтан таза, пәк сезимлерге ийе болып, өзиниң сүйикли ярына қосылыў ушын актив ҳәрекет етеди. Шайырдың ашықлық қосықлары, биринshiден қарақалпақ қыз-жигитлерин өз теңине еркин қосылыўға шақырса, екиншиден, адамның ең гөззал сезимлерин аяқ астына басыўға бағдарланған үстерм класс үәкиллериниң қатал тәртиплерине наразлылық кейпин оятады. Шайырдың лирикалық қаҳарманлары өз дәўириниң ақыллы, алдыңғы қатардағы адамлары болып, қыз-жигитлердиң өз теңине еркин қосылыўына тосқынлық етиўши класлық жәмийеттиң теңсизлигин сапластырыў жолларын излейди.

Әжинияз шайырдың муҳаббат қосықлары заманласларында турақлы ашықлық сезимлерин, туўылған елди сүйиўшилик ҳәм туўысқан миллетлер ўәкиллерине ҳүрметлеў сезимлерине тәрбиялайды. Шайыр жаслардың жеке басының еркинлигин социяллық жағдайларға байланыслы сүўретленеди. Ашықлардың

өз теңине қосыла алмай жәбирлениўи-бул класслық теңсизликтиң бир көриниси ретинде жуўмақластырылады.

Әжинияз шайырдың қосықларының басым көпшилиги философиялық лирика қурайды. Әжинияз бул жанрға киретуғын шығармаларында дүньяның дүзилиси ҳәм онда адамның тутқан орны менен хызмети ҳаққында пикир жүритеди. Егер ислам дини пропагандалайтуғын молла-йшанлар адамларды «қудайның қулы», патшаларды «қуданың жердеги ўәкили» деп тәрийплеп, мийнеткеш халықты мүсәпирликке тәрбияламақшы болса, гүресшең шайыр, керисинше, дүнья жүзинде адамнан күшли, адамнан ақыллы, адамнан гөззал затлар жоқ ҳәм болыўы да мүмкин емес деп жырлайды.

«Оның поэзиясының айрықша қәсийетлерине-деп жазған еди В. Г. Белинский А. С. Пушкин туўралы. Адамларда гөззалықты сүйиў ҳәм адамгершилик сезимлерин раўажландыра алыў уқыбын жатқарыўға болады, бул сөзден биз адамның адамгершилик инабатын шексиз ҳүрметлеўди нәзерде тутамыз.»

Рус киритиги В.Г. Белинскийдиң А. С. Пушкинге бул жоқары баҳасын атақлы қарақалпақ шайыры Әжинияздың поэзиясынана да қолланыўымызға болады. Өйкени Әжинияз шайырдың барлық қосықлары дүньяда ең әжайып, ең гөззал, тәбияттың ең жоқарғы дүзилиси еспаланған адамларды шексиз сүйиў ҳәм ҳүрметлеў сезимлери менен суўғарылған.

Жуўмақлап айтқанда, Әжинияздың шайырлық стилиниң қәлиплесиўине тәсир еткен тийкарғы дәреклер-өзине шекемги қарақалпақ халқының бай поэтикалық мийраслары менен Шығыс халықлары әдебиятларының уллы классиклериниң әжайып шығармалары болды.

# Ө. Әлеўовтың «Әжинияздың ағартыўшылық ойлары» мийнети

Жобасы:

1. Ө. Әлеўовтың «Әжинияздың ағартыўшылық ойлары» мийнети туўралы улыўма сыпатлама.

2.Шайырдың жәмийетлик-философиялық ҳәм ағартыўшылық ойлары.

3. Ақыл ҳәм илим ҳаққындағы пикирлери.

4. Жаслардың әдеп-икамлылық мәселелери.

5. Әжинияз шайырдың эстетикалық көзқараслары.

Соңғы дәўирлерде Әжинияз поэзиясы тек ғана әдебияттаныў илими көзқарасынан изертенип қалмастан, лингвистикалық аспектте, тарийхый, философиялық, педогогикалық аспектте изертленбекте.

Педагогика илимлериниң докторы, професср Өсербай Әлеўов 1982-жылы «Қарақалпақстан» баспасында «Әжинияздың ағартыўшылық ойлары» деп аталған мийнетин жарыққа шығарды. Бул мийнет тийкарынан алғанда Әжинияз мийрасларын педогогикалық аспектте изертленген илимий жумыслардың бири болып саналады. Мийнетте тийкарынан алғанда Әжинияз мийраслары жәмийетлик-философиялық, этикалық, педогогикалық ҳәм эстетикалық көзқарасларда илимий анализ етилген.

Әжинияз жасаған дәўирде Орта Азия ойшылларының жазған шығармаларының гейпараларында қудай ҳәи реал болмыс мәселеси де сөз етиледи. Ислам дининиң кең ен жайдырылған дәўиринде жасап қосықлар дөретилгенликтен шайырдың дүньяға көзқарасында теизм руўхы белгили дәрежеде сезилетуғын еди.

Оның түсинигинше қудай-ақыллы, беккем ерикке ийе, барлық жерлерди бақлап, жарылқаўға тайын турыўшы, бәрқулла адамның турмысына, тәбияттағы ҳәдийселерге араласып отыратуғын бул дүньяның ийеси. Теизмниң шайыр дүньяқарсында орын алғанлығы «**Йоқтың бизни бар әйлегей қудайым, бизлерни бәладан сақлағай дайым** ҳәм **Бәршени ятратқан қәдир-қудадин**, сондай-ақ **Қуда ҳәмири билән дүньяға келдиң**» деген қатарлар дүркининен көринеди.

Шайыр дүньяға көзқарасында тәбият қубылысларына ҳәм жәмийтеги ўақыяларға да ой жиберген. Мәселен, «Бир жанан» қосығында дүньядағы тиришилик үш түрден-алты мың жәмааттан, алты мың ҳайўанаттан ҳәм алты мың набадаттан (өсимликтен) ибарат дийди. Усы он сегизмың әлемниң тутаслығын сақлаған ҳалда барлық жерде қудай араласып жүреди, адамлардың күнделикли ис ҳәрекетин бақлап, көрип отырады, егер де адам жазықсыз биреўге жәбир көрсетсе, оның жаман қылығының өлшемине қарай жазасын тартқызады-деп ойлаған Әжинияз:-**Бий ҳақ жбир етип ришўә алмағыл, қудайынды ҳәзир билиң, яранлар**-деп ескертеди.

Шайыр өз дәўириндеги диний-фантастикалық тәлиматқа-қуда тәрепинен адамлардың барлық ис-ҳәрекети алдын-ала белгиленип қойылады деген реакциялық түсиндириўлерге базы бир жағдайда исенеди. Сол себепли Қазақсанға мәжбирий кетиўин: **Ҳақ әзелде әйлемиш ошбуў йуриш бизге несип**-деп жорыйды ҳәм **Алла салды бөйле йөлгә, ҳәркимсәдин қылмаң кийлә**-деп жазмышты мойынлайды.

Әжинияз- устазлықты өзине кәсип еткен,мектеп ашып халықты билимлендириў исине жақыннан араласқан мүдәрис. Ол

жасларды ақыллы, билимли болыўға шақырып,оқыў,илим темасына бағышланған көп қосықлар жазды. Шайырдың пикиринше, жаслар балалық дәўирден-ақ ақыл топлаўға умтылса келешекте жақсы адам болып қәлиплеседи, олардың унамлы жүрис-турысларына ата0ананың ел-журт алдындағы абыройын асырады, турмысын қуўанышқа бөлейди. **Ал ахмақ болса туўған балаң, өмириң зимистанға мегзер**-деп, перзентти ақыл-если етип тәрбиялаўға биринши гезекте ата-ананың жуўапкерли иси деп қараған. Әжинияздың түсинигинше, жаслайынан ақыл алыўға тәрбияланған адам соңғылығында исти ойланып ислейтуғын, парасатлы болады; әсиресе билими арқасында көпшилик мәселени дурыс шешетуғынкөрегенликке жетиседи. Сонлықтан шайыр «Жақсы» қосығында: **- Жол билмесең, жол соаңыз билгеннен** -деп көпти көрген тәжирийбеси мол адамлардың жасларға ақыл үйретиўде хызмети үлкен екенин айтады.

Ағартыўшы шайыр адамлардың күнделикли турмысында өнер билимниң оғада зәррүр екенлигин, қыйыншылықларды жеңиўдеги әҳмийети уллылығын айтады ҳәм гейпаралардың буған итибарсыз қарайтуғынына ашынады. Сонлықтан: **Ҳеш ким аяп нәзер салмас, өнер-билим бақға мегзер**-деп онның мийўалы бағ сияқлы жемисли екенлигин жасларға түсиндириўди мақсет етеди.

Әжинияз мектеп-медресениң хызмети менен ўазыйпасын айрықша баҳалайды. Оқыў орнын жас өспиримлерди улама,ахун, билимли етип шығарыўшы устахана деп ағартыўшы есаплаған шайыр Хийўа медресесин тамамлап келиўден, өз аўылында мектпе ашып, усазлық етеди. Бул кәсибинде жасларға түрли илимлерден түсиник бериўге тырысып, ҳәр қыйлы қыйыншылықларға

дуўшакерлесиўине қарамастан, ол бираз жыллар даўамында ағартыўшылық пенен шуғылланады.

Әжинияздың жасларды әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў ҳаққындағы ойлары да ағартыўшылық көзқараслары менен байланыслы. Оның төснигинше адамлардың әдеп-икрамлы, этикалық жақтан жетилисиўи жәмийетлик турмыста олрадың бирин-бири езиўине , хорланыўына жол қоймайды. Бул мәселениң усындай социяллық әҳмийетин сезе отырып , шайыр оны ақыл қубылыслары менен тығыз байланыстырады. Ақыл инсанның этикалық түснигин тәртипке салады. Ақыл-еси бар адам айы ислемейди.

Шайыр әдепли ҳәм көргенсиз адам арасында биологиялық айрымашылық жоқ екенлигин, тек тәрбия менен билим алыўдың басқаша бағдарларда, ҳәр қыйлы дәрежеде болатуғынлығын айтады. Усыған байланыслы мына мысалды көрейик:

Пәзийлет билмеген надан,
Төрт аяқлы малға мегзер.

Әжинияз жаслардың әдеп икрамлылығын қәлиплестириўде ата-бабалардың бай тәжирийбелерине- «халық педагогикасына»- сүйениўди қуўатлайды.

Бурынғы адамнан қалған ўәсият,
Гөне адамларда бардур қәсийет,
Аларның айтқаны -бәри нәсийҳат

Әжинияздың ағартыўшылық көзқарасларында әдебият ҳәм музыканың жәмийеттеги роли, әсиресе көркем сөз өнериниң өзине тән дөретилиў принциплери, оның халық мәпи ушын

гүресиўде өткир қурал екенлиги, адамларды руўхый жақтан жигерлендирип, зулымлық пененнаданлыққа қарсы гүресиўде өткир қурал екенлиги, адамларды руўхый жақтан жигерлендирип, зулымлық пенен наданлыққа қарсы гүресиўге шақыратуғынлығы ҳаққындағы пикирлеүри айрықша орынды ийелейди. Бул мәселеде оның Орта Азия ойшыллары Наўайы, Физулий, Низамий, Мақтумқулының прогресив эстетикалық көзқарасларын терең үйренгени, көркем әдебияттың эстетикалық әҳмийетин баҳалаўда оған заманласлары Шернияз, Күнхожа ҳәм Бердақтың үлкен тәсир тийгизгени байқалады.

Көпшилик Шығыс ойшыллары сыяқлы Әжинияз да әдебий - эстетикалық көзқасларында алды менен шайырлықтың инсанда пайда болыўы ҳаққында пикир жүргизеди ҳәм талантлы қудай тәрепинен адамда берилген айрықша қәсийет деп есаплайды. Усындай түсиникке байланысқан ойлары «Йоқты» қосығында айқын көринеди:

Көңлимде ғам, дәртли әлем,
Сөзләсәм шықар дәмбәдәм,
Мәңа сөздин башқа игәм,
Ҳешнәмәрсе берән йоқты.

## Ә. Пирназаровтың «Әжинияздың шеберлиги» мийнети

### Жобасы:

1. Ә. Пирназаров «Әжинияздың шеберлиги» мийнети туўралы улыўма сыпатлама
2. Ә. Пирназаров бул мийнетинде Әжинияз лирикасының поэтикасын, шеберлигин изерлеўлери

Ә. Пирназаров Әжинияз лирикасының поэтикасын изертеўлерди ең биринширлерден болып қолға алған илимпазлардың бири еди. Илимпаздың «Мастерство Ажинияза» монографиясы шайыр шеберлигин изертлеўде мәселеге терең илимий қатнас жасаўы менен әҳмийетли. Ә. Пирназаровтың Әжинияздың қарақалпақ поэзиясы тарийхындағы тутқан орнын шайырдың тәбийғый таланты әтирапында баҳаланып, оның сағалары үш нәрседен; Шығыс классиклеринң поэтикалық дәстүрлеринен, халық аўызеки әдебиятынан сондай-ақ, өзине шекемги өз дәўириндеги шайырлар шығармаларының ең үлгили тәсириненен басланатуғынлығынан жазады. Әсиресе жумыстың «Әжинияздың поэтикалық дүньясы» ҳәм «Әжинияздың поэзиясының көркемлик өзгешеликлери» бапларында шайыр шығармаларының көркем мазмуны және де тереңирек ашылады. Илимпаз Әжинияз шығармаларындағы араб-парсы сөз қатламларында қолланылыў өрисине, сондай-ақ базыбир қарақалпақ ҳәм басқада түркий сөзлердиң сәл өзгертилген формада көриниўлерине таллаў жасай отырып, олар қосық қатарларының музыкалылығын байытатуғынлығын сеслер гармониясына, жағымлы ҳаўазлыққа зиянынын тийгизбейтуғынын дурыс көрсетеди. Лекин, гәп

Әжинияздың шеберлиги ҳаққында айтылып отыр екен, монографида шайыр қосықларындағы троплар ҳәм фигуралар тоқтамағаны өкинишли. Себеби, Әжинияздың сөз саплаўындағы шеберлиги троплар ҳәм фигураларды ислетиўдеги өзгешеликлеринде жәнe де анағырақ айтылады.

Автор Әжинияз лирикасының көркемлилигин ашып бериўде шайыр қосықларындағы метафора, митонимия, синекдоха, символ, жанландырыў, гипербола, аллегория, эпитет, ,теңеў, параллелизм, қайталаў, градация, инверсия, аллитерация, уйқас ҳәм редифлерди үйрениўге айрықша дыққат аўдарған.

Әжинияздың лирикасының тәсирлиги, көркемлиги, сүўретленип атырған зат, яки қубылыс туўралы анығырақ ҳәм тереңирек пикир жүритиўимизге себепши болатуғын күш- шайырдың тропларды жемисли пайдаланыўында.

Әжинияздың лирикалық қосықларын сапа дәрежесин белгилейтуғын троплардың ишиндеги айрықша көзге тасланатуғынлардың бири- метафоралар. «Лириканың тәжирийбесинде, поэзиясының тарийхының көринисине қарағанда, лирика метафорасыз болмаған ҳәм болмайды да,»- деп лирикалық қосықлардағы метафораның орнын жоқары баҳалайды түркмен әдебиятшысы Р. Режепов. Бунығ өзи метафорасыз лириканың асла лирикалық гөззаллыққа, лирикалық мазмунға ийе бола алмайтуғынын көрсетеди.

Әжинияз лирикасының поэтикасын изертлеў мәселесинде метафоралар, аллегориялар ҳәм басқа да троплар туўралы пикирлескенимизде биазы бир түсиниклерге анықлық киргизиўимизге туўра келеди деп ойлаймыз. Қ. Байниязов Әжинияздың «Дәўран болмады» қосығын «Қуба қуш», «Көк шолақ

ийтке» қосықларының қатарында аллегориялық формада берилгенликте сыпатлайды. Бизиң пикиримизше Әжинияздың «Дәўран болмады» «Болмады» редифли-қосығына тек аллегориялық қәсийетти берип шеклеў базы бир келиспеўшиликлерди пайда етеди. Әжинияздың «Еллерим барды» қосығындағы мысалға алынған усы шуўмақта «қасқалдағы», «үйреги», «ғазының», «бүйреги» ҳәм «дүньяның аңлары»- синекдохалар. Булар синекдоханың ең әпиўайы түрлери болып, көплик санның орнына бирлик санның орнына бирлик сан аўыстырылып аталған. Қасқалдақлары, үйреклери, ғазлары , бүйреклери сөзирниң орнына «қасқалдағы», «үйреги», «ғазының», «бүйреги» деп қолланылған. Қосықтың усы шуўмағында синекдохаларды пайдаланыў арқалы Әжинияз бириншиден, қосықтың буўын теңлигин сақласа, екиншиден, уйқас ықшамлығына ерискен. Ситнекдохалар өз қолланылған қосық қатарларына ғана емес, ал, сүўретленип атырған затқа, қубылысқа, ўақыяға, географиялық орынға да саўлад бағышлайды, олардың гөззаллық бояўларының реңлерин жәнеде көркелеп түрлендиреди.

Әжинияз лирикасының мазмун сапасы троплар сыяқлы фигураларды да шебер пайдаланыўы нәтийжесинде күшейтеди. Троплар тийкарынан, обазлы сүўретлеў қураллары болса, фигуралар лирикалық мазмунды күшейтиўге қатнасыўшы көркем сөз, сөзлерди қалай ҳәм қәйтип қолланыў сапасында көринеди. Әжинияз лирикасында параллелизм, қайталаў, градация, инверсиялардың көркем мазмунға қатнасын изетлей отырып шайыр

шығармасындағы поэтикалық шеберлик сырларының және бир бетиниң ашылыўына ҳәрекет етеди.

Шайыр лирикасындағы аллитерациялар мәселеси де ҳе изертленбеген пробелемалар еди. Илимпазлардың көпшилиги Әжинияз қосықларының оқылғанда қулаққа жағымлы еситилетуғынын, тийкарынан уйқас, бууын, ырғақ, сондай-ақ, араб-парсы сөз қатламаларын яки түркий сөзлерди сәл өзгертип пайдаланғанынынан излейтуғын еди.

# Айдар Муртазаевтың «Шайырдың муҳаббаты» мийнети

## Жобасы:

1. А. Муразаевтың «Шайырдың муҳаббаты» мийнети туўралы улыўма сыпатлама.
2. А. Муразаевтың бул мийнетинде Әжинияз лирикасының изерлеўлери.
3. Әжинияздың «Бозатаў» поэмасы туўралы илимпаздың пикирлери.

Филология илимлерининң кандидаты Айдар Муртазаев қарақалпақ әдебияты тарийхы бойынша белгили қәнигелердиң бири. Оның негизги жумыслары Бердақ мийрасларын изертлеўге қаратылған менен «Шайырдың муҳаббаты» (Нөкис, «Қарақалпеақстан», 1988-жыл) деген ат пенен Әжинияз ҳаққында монграфияда жазды.

Автордың жәмийетшиликке усынып отырған бул жаңа мийнети қарақалпақ әдебиятының классиклерининң бири болған Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм дөретиўшилигине бағышланған. Мийнетте тийкарынан алғанда усы күнге шекем айтылып келинген түрли илимий пикирлер өзининң жуўмақланыўын тапқан жаңа дәреклер менен толықтырылған, сондай-ақ шайыр текстине инанымлы анықлықлар киритилген.

Илимпаздың «Шайырдың муҳабаты» мийнетинде баспадан шыққан басқа илимпазлардың монографиялары ҳәм мийнетлери сыяқлы Әжинияздың өмири ҳәм дөретпелерин үйрениў, оның философиялық, сиясий-жәмийетлик көзқарасларын баҳалаў,

муҳаббат, туўылған ел туўралы жазылған қосықларын таллаў, шайырдың әдебий орталығы ҳәм қосықларындағы классик шайырлар поэзиясының тәсири қусаған мәселерге айрықша дыққат аўдарғаны сезиледи. Шайырдың лирикалық қосықларды жазыўдағы шеберлиги, аруз өлшеүминдеги шығармалары, «Бозатаў»поэмасындағы жанрлық өзгешелик, көркемлик белгилер ҳәм дүзилиси бойынша бир қатар баҳалы пикирлери бар. Илимпаздың «Әжинияз дөретиўшилигинде инсанның руўхый дүньясын ашыўға көбирек кеўил бөледи»-деген пикирин биз толығы менен қуўатлаймыз. Шынында да шайырдың инсанияттың руўхый дүньясындағы қурамалы қубылысларды көркем сәўлелендириў ушын потикалық тилдеги сөз саплаўдың ең ағла үлгилеринен мүмкиншилиги болғанынша көбирек пайдаланыўға ҳәрекет етеди.

Бул монографияның әдеўир сәтли жазылған бапларының бар екенлигин тән алғанымыз мақул. Ол өзи текстолог алым болғаны ушын Әжинияз қолжазбаларына үлкен итибар береди. Бирақ информаторлардан жазып алынған ҳәрқандай қосық түп нусқа бола бермеслигин айтып өткимиз келеди. А. Муртазаевтың «Әжинияз поэзиясы өзиниң тили ҳәм стили бойынша басқа қарақалпақ шайырларынан әдеўир ажыралып турады»-деп айтыўында үлкен ҳақыйқатлық бар.

Өткен әсирдеги классикалық поэзиямызда лириканың уста шеберлериниң бири -Әжинияз. Оның бүгинге шекем «Бозатаў» ҳәм Қыз Меңеш пенен айтысынан тысқары, халық арасынан жыйналған, базы биреўлери қолжазба түринде табылған ҳәм баспада жәрияланып киятырған 3000 қатарға жақын лирикалық қосықлары бар.

Әжинияз қарақалпақ жазба әдебиятын Күншығыс халықлары поэзиясының жақсы дәстүрлери менен байытты. Оның қәлемине тийисли мухаммес жанрының базы бир кеўилге қонымлы үлгилерин атаў мүмкин.

Шайыр поэзиясынан муҳаббат темасының кең орын алыўы және оларда яр дүньясының терең сезимталлық , әжайып сулыўлық пенен ашылыўы,ышқы-муҳаббат инсанның өзгеше сыпаты мәнисинде қаралыўы, оның улыўма адамды сүйиў, оны қәдирлеў, улығлаў сыяқлы мәселе менен байланыстырылыўы Әжинияз лирикасының бир өзгешелигин дүзеди.

Әжинияздың «Бозатаў» лирикалық поэмасы 1975-жылдан баслап усы күнге шекемги барлық басылымларында жәрияланған текстлерин есапқа алмағанымызда, 20 шуўмақ, яғыный 80 қатардан ибарат, шағын ғана дөретпе. Лекин ол өзинин усындай көлеминиң қысқалығына қарамстан, оның менен танысқан адамда айрықша тәсир оятады ҳәм көз алдыңа халық басына түскен тарийхый ўақыя елеслеп турады. Демек, «Бозатаў» дың негизинде оғада ири ўақыя жатады ҳәм оның усындай киши көлемге сыйғызып сүўретленгенининң өзи де Әжинияздың шеберлигин аңлатады. Шайыр соншама үлкен тарийхый ҳәдийсени бастан-аяқ баянлаўды ҳеш ўақыт нәзерде тутпаған.

«Бозатаў» да пүткил бир бөлек елдиң туўған жерине оғада қайғылы аўҳалда айра түсиўи жырланады. Бурын қатықтай уйып, Бозатаўды гүлленген бағы-бақшаға айландырып, онда ады-куралылықта жасап атырған қарақалпақтың қыят-ашамайлы урыўлары, бир заманда, төбеден жасыл түскендей жағдайға тап болды, оған биймезгил топылып, адамдаларын урып соғып, қырып-

жойып, кимисин байлап, бенде қылып, усындай жер жәннетин қарап қылды:

Сәҳрә ўақта қырлы дүпең атылды,
Бенде болып түштим, қолым шатылды...
Кимсе шәҳийд болды, жандын айырылды,
Кисе гәдә болды, малдан айырылды,
Башыңа қыямет тушти, Бозатаў.

Бозатаўдағы ел, мине, тиришиликтиң усы нызамлы бирлигинен айырылған, адамлардың жүреги шерге толған, олар баспанасыз жерсиз-мәкансыз қалып, дийўанашылық күйге түскен. «Ўатан дегенниң не екенлигине, оның қәдири енди белгили болды»-деп айтады Әжинияз.

Бозатаўдың жаўға шабылыўы ҳәр бир азаматтың ишине дәрт түсирди, жүрегине әрман болып орналасты. Қоңырат көтерилисиниң соңы Бозатаўда усылай жуўмақланады деп ҳеш ким ойламаған еди. Сонлықтан елдиң бас көтерген азаматлары ҳеш қандай таярлықсыз, күтимсиз ғапылда қалды, олар жаўдың ҳарам ойынан бүткиллей бийхабар еди. Буған ҳәмме өкинди, пәнт жеди.

## Байекеш Қәлимбетовтың «Әжинияз лирикасы» мийнети

### Жобасы:

1. Байекеш Қәлимбетовтың «Әжинияз лирикасы» мийнети ҳаққында улыўма сыпатлама.
2. Байекеш Қәлимбетовтың «Әжинияз лирикасы» мийнетиндеги Әжинияз лирикасының изерлениўи.

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты басқа дәўирлерге қарағанда айырым өзгешеликлери менен ажыралып турады. Бунның ең баслы себеби, қарақалпақ әдебиятының бул дәўирде өркенлеп өсиўи, жазба әдебияттың толық қәлиплесиўи мәселелери менен баҳалаў мүмкин. Бул дәўир қарақалпақ мәденияты тарийхында Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш сыяқлы белгили көркем сөз шеберлерин алып кирди. Олар ҳақылы рәўиште қарақалпақ классиклери атанды. Соның ушында бул дәўир қарақалпақ әдебиятының ең гүлленген дәўирлеринен дәрек береди.

Байекеш Қәлимбетов болса Әжиниязды илимий журтшылыққа таныtқанлардан бири: Ол Өзбекстан Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы И. Сағитовтың басшылығы астында «Әжинияз лирикасы»-деп аталған филология илимлериниң кандидаты дәрежесин алыў ушын табыслы диссертация жақлады. Ол соңғы дәўирде «Әжинияз лирикасы» деп аталған темада қакрақалпақ ҳәм рус тиллеринде монография жәриялады. Бирақ буның менен Әжинияз поэзиясы толық изерленген деп қараўға болмайды. Себеби, Әжинияз қарақалпақ классиклери арасында үш тилди (араб,парсы,түркий) анық ийелеген шайыр. Соның ушын оның поэзиясын тек қарақалпақ тилиниң мүмкиншиликлери

тийкарында ашып көрсетиў қыйын. Оның үстине өзи әбден жетилискен шайыр. Поэзиясында араб ҳәм парсы классиклеринен тысқары Хожа Ахмет Яссаўий, Суўпы Аллаяр, Мақтумқулы дәстүрлери әбден араласып кеткен. Кемине, Молланепеслерден де әдеўир үйренген. Бунық үстине қарақалпақ аўызеки әдебият дәстүрлери қосылған. Солайынша оның поэзиясы әдеўир тереңлесип бара береди. Усындай себеплер менен ол және де тереӊ изертлеўди талап етеди.

Илимпаздың бул монографисында шайыр дөретпелери Хысыраў Дехлавийдиң, Фирдаўсийдиң, Саадийдиң, Низамийдиң, Жәмийдиң, Наўайының, Машраптың,Надираның, Андалиптиң ҳәм Мақтумқулының шығармалары менен салыстырмалы изертленеди ҳәм олардың Әжиниязға тәсири, сондай-ақ идеялық жақынлықлары сөз етиледи. Мийнет Әжинияздың лирикалық қосықларында көркеликтиң сырларын метафоралар, сенекдохалар, теңеўлер, митонимиялар ырғақ ҳәм уйқаслар әтирипында ашыўға ҳәрекет етиўлери менен баҳалы. Бул мийнет орыс тилинде Ташкенттиң «Фан» баспасында 1981-жылы шыққан «Лирика Ажинияза» деген ат пенен басылып шығады.

# К. Мәмбетовтың «Әжинияз» илимий очерки

Жобасы:

1.К. Мәмбетовтың «Әжинияз» илимий очерки мийнети туўралы улыўма сыпатлама

2. К. Мәмбетовтың бул мийнетинде Әжинияз лирикасының изерлеўлери

3. Әжинияздың поэзиясында дәстүр ҳәм жаңашылық

К. Мәмбетовтың бул мийнети 1994-жыл «Билим» баспасында жарық көрди. Ол бул мийнетин Әжинияздың 170 жыллық юбелейине арнап жазған еди. Илимпаздың усы мийнети Әжиниязтаныўды илим сыпатында  және де бир басқыш жоқарыға көтерген мийнет болып табылады. Илимий очектиң басқа илимий мийнетлерден айырмашылығы сонна ибарат, бунда Әжинияздың поэтикалық мийрасларына жаңаша түсиниклер майданында турып пикир жүргизиледи, шайырдың поэтикалық шеберлигине   көбирек ҳәм айрықша дыққат аўдарылады.  Орта Азияда жасаўшы түркий тиллес халықлардың аўызеки әдебияты ҳәм классик шайырлары шығармаларын көп изертлеген қәниге сыпатында К. Мәмбетовтың Әжинияз шығармаланы таллаўы әҳмийетли пикирлерди оятады.

Илимпаз, шайыр лирикасының мазмунын тийкарынан туўылып өскен, камлатқа жетистирген Ўатан, жәмийетлик қубылыслар, философиялық, дидактикалық ҳәм муҳаббат лиркаларынан излеўге бағдар береди.

Илимпаздың шайыр лиро-эпикалық шығармалары болған «Бозатаў» поэмасы «Қыз Меңеш пенен айтысы»ның  қатарына жаңадан табылған шығарма сыпатында «Шежире» ни  киргизиў қызықлы болжаў ҳәм пикирлерге  нусқаў береди.  К. Мәмбетовтың

бул мийнетинде шайыр поэтикасында тийкарынан төрт әдебий дәстүрди; жазба әдебиятқа тән дәстүрди, Күншығыс шайырлары шеберлигиндеги дәстүрди, ислам дини талийматларын нәсиятлаў дәстүрин ҳәм халық аўызеки поэзиясы дәстүрлерин көрсетип өтеди. Шайыр поэзиясындағы жаңашылық усы дәстүрлер негизинде дүньяға келетуғынлығын жазады.

Илимпаз Әжинияздың қарақалпақ әдебиятына алып келген жаңалығы ғәззел, мухаммес, рубайы, ҳәм поэма жанрын алып кириўи тийкарында көзге түседи-деп баҳалайды. Сондай-ақ К. Мәмбетовтың «Әжинияз поэзиясының жанрлық өзгешеликлери ҳәм көркели өзгешеликлери пүткиллей бөлек»-нәрселер, «шайыр поэзиясының нәзик өзгешеликлери қосқ қурылысының сырлары тийкарында да ашылады»-деген пикирлери мәселени терең илимий көзқараслар тийкарында изертлеўге бағдар береўшилиги менен баҳалы. Алымның Әжинияз қосықларындағы ырғақ,уйқас, өлшемлер (бармақ, аруз) ҳәм бән ҳаққындағы теориялық пикирлер әҳмийетлилиги менен дыққатымызды тартады. Солай болса да, илимпаздың өзи ескертип өткениндей бул үлкен жумыстағы «Академиялық сыпатламалардың қысқарып...» жәрияланғанлығы өкинишли. Себеби, усындай ҳәр қыйлы «қысқартыўлар» қатаң илимийликтеги избе-изликке, пикирдиң логикалық бирлигине нуқсанын тийкизгени сезилип турады.

Әлбетте ҳәрқандай шайыр ҳаққында сөз болғанда ең биринши гезекте шайыр тематикасы сөз болатуғынлығы турған гәп. Сол жағдайлардан қарағанда Әжинияз лирикасын бирнеше темаларға бөлип қараў мүмкин. Ол негизинен муҳаббат лирикасының шебери болыўы менен бир қатар,лирикда тәрийп, ўатанды сүйиў ҳәм

дидактикалық толғанысларды қәстерлей алған шайыр. Соның ушын оның лирикасын:

1.) Ўатан темасы ҳәм өз дәўирине көзқарас0

2.) Философиялық лирика

3.) Дидактикалық лирка

4.) Муҳаббат лирикалары -деп бөледи алым К. Мәмбетов.

Әжинияз буннан тысқары дәстүрли поэзияға итибар берген шайыр. Соның ушын да оның поэзиясы талланғанда, Әжинияздың жазба әдебиятқа көзқарасын, Миллий ағартыўшылық әдебиятты пайда етиў жолларындағы пикирлерин, Ислам темасы ҳаққындағы ойларын ядтан шығармаўымыз керек.

Әжинияз тек жазаба әдебияттың қулы болып қалған шайыр емес. Ол аўызеки әдебияты да беккем сентизлей алған шайыр. Бул жағынан қарағанда «Әжинияздың Қыз Меңеш пенен айтысы» айрықша орынды ийелейди. Ал оның «Бозатаў» поэмасы болса қз алдына бир дүнья.

Ҳәрқандай талантлы шайырлардың дөретиўшилиги оның өзинен алдынғы шайырларға болған қарым-қатнасы, сол тикарында шеберликке жол ашыўы менен белгиленеди.

Әдебий дәстүр - дегенимиз көп жыллар даўамында халық арасына қәлиплескен әдебий мийрас жетискенликлеринің жыйынтығы. Оны ҳәрбир шайыр өз мүмкиншиликлери тийкарында қабыл еткен. Мысалы: Аўыз еки әдебият дәстүри, жазба әдебият дәстүри, Шығыс классиклери дәстүри, Миллий ағартыўшылық дәстүр.

Бул дәстүрлердиң ҳәммесин ҳәр бир шайыр бир қыйлы еткен деп қабыл еткен деп болмайды. Мәселен Қарақалпақстан халы шайыры И. Юсупов: Шайырлық-бул қудай тала тәрепинен

берилген сый. Буны биз бурын тәбият инам еткен талант-деп атадық. Бирақ солай болсада мен Пушкинди, Наўайыны, Мақтумқылыны, Абайды, Бердақты, Әжиниязды, Аббазды ежелеп оқып үйренбегенимде усыншама дәрежедеги шайырлық шығама, я шықпай ма? Ол жағын билмедим-дейди.

Демек, талант дегеннин өзи де көп үйрениўди талап етеди. Талант ең жақсы дәстүрлерди үйрениў тийкарында беккемленеди. Ал ең жақсы дәстүрлерди излениў ушын билимлилик керек. Әжинияз болса өз дәўиринин ең билимли шайырларының бири еди. Соның ушында Әжинияздың әдебий дәстүрге болған қатнасы өз дәўиринде жасаған басқа шайырларға қарағанда әдеўир ажыралып турады.

Мәселенин сол тәрепин есапқа алыўымыз керек. Аўызеки әдебият дәстүри XIX әсирдеги жасаған қарақалпақ шайырларының ҳәммесинде биринши орында турады. Бирақ, бул топарға Әжиниязды қосыў қыйын. Себеби Әэинияз қарақалпақ жазба әдебиятын толық қәлиплестириў бағдарында хызмет еткен шайыр. Соның ушын да ол ең биринши орында жазба әдебият дәстүрин қабыл еткен.

Данышпан шайыр Әлийшер Наўайы улыўма түркий әдебият дүньясының ең әжайып ойшылларының бири. Себеби түркий әдебиятта өзин шайыр-деп таныған сөз шеберлери арасында оны тилге алмағанлығын ушыратыў қыйын. Соның ушын да түрк тиллес халықлар әдебиятының раўажланыў бағдарын Әлийшер Наўайысыз дәлийлеп болмайды. Ол XV әсирде жасаўына қармастан буннан кейинги әдебиятларда да үлкен устазлық жолды ийеледи. Соның ушын Әлийшер Наўайының Әжинияздың устазы болып қалғанлығы да анық. Ең дәслеп Әжинияз дүзген образларға дыққат

аўдарайық. Оның сүйикли қаҳарманлары Ләйли,Зулайха, Шийрин, Фархад, Юсуп, Мәжнун, Искендер.

Физулий поэзиясының Әжиниязға тәсир жасаған көп тәреплери бар. Физулий өзиниң көп ғана шығармаларын басқа Күншығыс классиклерине онша усамайтуғын бир усылда баслап, түкий поэзиясына тән болған жаңа жанрларды излеген.

Күншығыс поэзиясының белгили сөз шеберлериниң бири болған көрнекли түркмен шайыры Мақтумқулы Әжинияз шайырдан бир әсир алдынырақ жасаған шайыр. Солай болсада оның исми көп еллерге таныс ҳәм Әжинияздың ҳақыйқый устазы болып есапланады. Бунын ең баслы себеби сонда, Мақтумқулы да Әжинияз сыяқлы Хийўаның Шерғазы хан медесесинде оқыған. Демек, булар екеўиде бир мектептен шыққан. Буннан тысқары қарақалпақлар түркменлер менен қоңсылас ел. Бул еки елдиң бақсысы менен шайырлары ерте заманлардан баслап бири-бири менен араласып кеткен. Соның ушын да Мақтумқулы поэзиясы қарақалпақларға түркмен халықынан кем тәсир жасамаған.

Қарақалпақ халық шайыр И. Юсупов болса «Қарақалпақстан Мақтумқулының екинши шайырлық ўатаны»-деп айтады.

Мақтумқулының поэтикалық дәстүри философиялық лирикадан басланған төрт қатарлы қосық болып, бул қарақалпақ әдебиятының жанрлық үлгилерине әбден сәйкес келетуғынлығы мәлим. Соның ушын да Әжинияз ол дүген әдебий мектепти өзиниң тәлим орайы деп сезеди. Өзиниң дөретпелерин Мақтумқулы поэзиясының тәсири астында синтезлеўге урынады. Буның менен ол әдебий тәсирдиң қулы болып қалған емес. Бәлки Мақтумқулы руўхында жаңаша қосықлар жазыўға ерискен.

## Б. Генжемуратовтың «Әжинияз лиркасының поэтикасы» илимий мийнети

### Жобасы:

1.Б. Генжемуратовтың «Әжинияз лиркасының поэтикасы» илимий мийнети туўралы улыўма сыпатлама

2. Б. Генжемуратовтың бул мийнетинде Әжинияз лирикасындағы көркем сүўретлеў қураларының изерлениўлери

3. Шайыр лирикасындағы қосық қурылысының базы бир мәселери

Қарақалпақ әдебиятының поэтикасын изерлеў күтә әҳмийетли мәселелердиң бири болып, соңғы ўақытларда бул машқала илимпазларда айырықша қызығыўшылық пайда етип атыр. Әсиресе, Әжинияз лирикасының поэтикасы үйренилмей киятырған тың мәселе болып киятырғаны сыр емес. Бул мәселени қолға алған илимпазлардың бири филология илимлериниң кандидаты Б. Генжемуратов болып табылады.

Б. Генжемуратовтың «Әжинияз лиркасының поэтикасы» илимий мийнети 1997-жылы «Билим» баспасында жарық көрди. Бул мийнет тийкарынан алғанда Әжинияз лиркасының поэтикалық сырлары ҳәр тәреплеме изертлеўлери менен қунлы. Автор Әжинияз лирикасының көркемлилигин ашып бериўде шайыр қосықларындағы метафора, митонимия, синекдоха, символ, жанландырыў, гипербола, аллегория, эпитет, ,теңеў, параллелизм, қайталаў, градация, инверсия, аллитерация, уйқас ҳәм редифлерди үйрениўге айрықша дыққат аўдарған.

Әжинияздың лирикасының тәсирлиги, көркемлиги, сүўретленип атырған зат, яки қубылыс туўралы анығырақ ҳәм тереңирек пикир жүритиўимизге себепши болатуғын күш- шайырдың тропларды жемисли пайдаланыўында.

Әжинияздың лирикалық қосықларын сапа дәрежесин белгилейтуғын троплардың ишиндеги айрықша көзге тасланатуғынлардың бири- метафоралар. «Лириканың тәжирийбесинде, поэзиясының тарийхының көринисине қарағанда, лирика метафорасыз болмаған ҳәм болмайды да,»- деп лирикалық қосықлардағы метафораның орнын жоқары баҳалайды түркмен әдебиятшысы Р. Режепов. Бунның өзи метафорасыз лириканың асла лирикалық гөззаллыққа, лирикалық мазмунға ийе бола алмайтуғынын көрсетеди.

Әжинияз лирикасының поэтикасын изертлеў мәселесинде метафоралар, аллегориялар ҳәм басқа да троплар туўралы пикирлескенимизде биазы бир түсиниклерге анықлық киргизиўимизге туўра келеди деп ойлаймыз. Қ. Байниязов Әжинияздың «Дәўран болмады» қосығын «Қуба қуш», «Көк шолақ ийтке» қосықларының қатарында аллегориялық формада берилгенликте сыпатлайды. Бизиң пикиримизше Әжинияздың «Дәўран болмады» «Болмады» редифли-қосығына тек аллегориялық қәсийетти берип шеклеў базы бир келиспеўшиликлерди пайда етеди. Шайырдың бул қосығында метафора да символ да, метонимияда ушырасады. Әжинияздың «Болмады» редифли қосығы:

Сәнеслер қолында тилла саз едим,  
Ҳәўижге келтирер жәнан болмады,

Туғрымда талпынған алғыр баз едим,
Қәлпе-саядларым маман болмады-

деп жазылған қатарлар менен басланады. Қосықтың биринши қатарында өзинде символ ҳәм метафора бар. Бул қатардағы «сәнемлер» сөзи -символ, себеби, Сәнем ҳаял-қызлардың гөззаллығының, ҳаял-қызлардың муҳаббатының улыўма сыпатламасын өзинде жәмлеген. «Сәнемлер» дегенде биз ҳаял-қызларды түсинемиз. А. «тилла саз»-метафора. «Тилла»дан, яғыный алтын теңгелер, ҳәр қыйлы безениў буйымлары ҳәм тағы басқалар исленеди. Бирақ, саз әсбабы, яғыный қобыз яки дуўтар соғылмайтуғынлығы мәлим. Соғылған жағдайда да ҳақыйқый саз әсбабы болалмас еди. Метафорада «... уқсастырылып атырған мегсезликке тийкарланады; уқса нәрсеге уқсастырылып атырған нәрсениң белгилери сыпатлары, көшип өтөди». Мысалға алынған қатарда «тилла»ның, яғыный алтынның сыпатлары, белгилери «саз»ға -дуўтарға көширилип отыр. «Тилла сазды тат баспайтуғын, ширимейтуғын, баҳасы ўақыт өткен сайын жоқарылайтуғынын билемиз Шайыр соның ушын да ҳәм фзикалық жақтан ҳәм руўхый жақтан камалатқа жетилискен инсан сыпатында өзин саналы түрде «тилла саз»ға салыстырады.»

Лирикалық қоск-шайырдың сезим ҳәм туйғыларына суўғарылған ой-пикирлердиң көркем көриниси. Әжинияздың «Болмады» редифли қосығының бесинши шуўмағында:

Гузар дәрбентинде қурған көшкимде,
Дәртимди дәртлесер ҳәмдам болмады, -деп жазылған қатардағы «Гүзар дәрбентиндеги көшки» -метафоралық сүўретлеў. Өмир ҳәм өлим, жаслық ҳәм ғаррылық, бахыт ҳәм

бахытсызлық, әдиллик ҳәм әдилсизлик, дүнья ҳәм жәмийеттиң қурылысы, бағдар туўралы түсиниклердиң , пикирлердиң кесискен жери - «гүзар дәрбенти», ал шайырдың ҳәр тәреплемеле камалатқа жетискен инсан сыпатында, шайыр сыпатында, раўажланған түсиниклерге ийе билимли адам сыпатында танылыўы - «көшки».Лирикалық қосықлар өмир жәмийет, дүнья ҳаққындағы шайырдың руўхый ықлымындағы қубылысрадың сәўлелениўи, деген едик. Усы қубылыслардың сәўлелениўинде шығармланың сапасын байытыўда, оның мазмунының кеңлигин ҳәм тереңлигин тәмийинлеўде метафораның әҳмийети үлкен екенлинин көрип отырмыз.

Әжинияздың шығармаларында митонимиялардың атқаратуғын хызмети, әҳмийети оғада үлкен. Митонимиялар көркем пикирди ықшамлап бериў ушын, ал гейде сүўретленип атырған заттың, адамның, ўақыяның, яки ҳәдийсениң бояўлары және де рәң-бәрең қубылыўлары, я болмаса образлардың және де тулғалана бериўи ушын зәрүр.

Әжинияз лиркасындағы митонимиялар туўралы пикир жүритер екенбиз, әлбетте, шайыр лирикасындағы синекдохаларға да тоқтап өтиўимиз керек.

Табылады излегенниң кереги,
Көлинде бар қасқалдағы, үйреги,
Қуўлары, қазының пүтин бүйреги,
Дүньяның аңлары көлимде барды.

Әжинияздың «Еллерим барды» қосығындағы мысалға алынған усы шуўмақта «қасқалдағы», «үйреги», «ғазының», «бүйреги» ҳәм «дүньяның аңлары»- синекдохалар. Булар синекдоханың ең

әпиўайы түрлери болып, көплик санның орнына бирлик санның орнына бирлик сан аўыстырылып аталған. Қасқалдақлары, үйреклери, ғазлары , бүйреклери сөзирниң орнына «қасқалдағы», «үйреги», «ғазының», «бүйреги» деп қолланылған. Қосықтың усы шуўмағында синекдохаларды пайдаланыў арқалы Әжинияз бириншиден, қосықтың буўын теңлигин сақласа, екиншиден, уйқас ықшамлығына ерискен. Ситнекдохалар өз қолланылған қосық қатарларына ғана емес, ал, сүўретленип атырған затқа, қубылысқа, ўақыяға, географиялық орынға да саўлад бағышлайды, олардың гөззаллық бояўларының реңлерин жәнеде көркелеп түрлендиреди.

Әжинияз лирикасының мазмун сапасы троплар сыяқлы фигураларды да шебер пайдаланыўы нәтийжесинде күшейтеди. Троплар тийкарынан, обазлы сүўретлеў қураллары болса, фигуралар лирикалық мазмунды күшейтиўге қатнасыўшы көркем сөз, сөзлерди қалай ҳәм қәйтип қолланыў сапасында көринеди. Әжинияз лирикасында параллелизм, қайталаў, градация, инверсиялардың көркем мазмунға қатнасын изетлей отырып шайыр шығармасындағы поэтикалық шеберлик сырларының және бир бетиниң ашылыўына ҳәрекет етеди.

Шайыр лирикасындағы аллитерациялар мәселеси де ҳе изертленбеген пробелемалар еди. Илимпазлардың көпшилиги Әжинияз қосықларының оқылғанда қулаққа жағымлы еситилетуғынын, тийкарынан уйқас, буўын, ырғақ, сондай-ақ, араб-парсы сөз қатламаларын яки түркий сөзлерди сәл өзгертип пайдаланғанынынан излейтуғын еди.

## Қурбанбай Жәримбетовтың «Ашық Зиўар» мийнети

### Жобасы:

1. Қурбанбай Жәримбетовтың «Ашық Зиўар» мийнети илимий мийнети туўралы улыўма сыпатлама
2. Қурбанбай Жәримбетовтың «Ашық Зиўар» мийнетинде Әжинияздың ашықлық лиркасының жанрлық өзгешеликлериниң изерлениўи
3. Қурбанбай Жәримбетовтың «Ашық Зиўар» мийнетинде Әжинияздың ашықлық лиркасының обазлар дүньясының изерлениўи

*Зийўар айтар әрман қалды,*
*Яр деп өмирим ада болды.*
*(Әжинияз)*

Қурбанбай Жәримбетовтың «Ашық Зиўар» мийнетинде 1998-жылы «Билим» баспасында жәрияланады. Мийнетте тийкарынан алғанда Зийўар шайыр туўралы жаңа көзқараслар жаңа изертлеўлер орын алған. Әжинияздың ашықлық лиркасының жанрлық қәсийетлери, олардың социаллық ҳәм философиялық тамырлары қарастырылады. Сондай-ақ шайырдың ашықлық лирикасының образлар дүньясы да жаңа дәўир өлшемлери, талаплары тийкарында изерленеди.

Зийўар шайырдың ышқы-муҳаббат жыршысы болғаны ҳәммеге мәлим. Бизлер, яғыный ҳәзирги әўлад, оның муҳаббат қосықларын оқып отырып, шайыр өмир бойы гөззалға ашық болып өткен, оны излеп шәҳәр қоймай, ел қоймай саҳра қоймай гезген, яр жолында сергиздан болған деп түсинемиз. Қосықларының

сюжетлик мазмунына үңилсек, шайырдың сәўер яр ышқысын жырлағаны ырас. Бирақ, шайыр сүйген гөззал ким? Үстине атлас кийген, басына түрме жамылған, әлине пәрең румал таслаған, өңирине ҳәйкел, моншақ тағып, қәлем қасын қаққан, сулыўлықта теңи-тайы жоқ дилбар қарақ жердиң үстинде бар ма екен? Шайырдың өзиниң айтыўы бойынша «**Келмес ондай дилбар яқты-жәҳана, Бу заманда йоқдур дилбарий**». Бул қатарлар мәзи гиперболалық сүўретлеў емес, онда басқаша мәнис болса керек.

Бизлер, яғыный ҳәзирги әўлад, ҳәр қандай көркем шығарманы бир жөн түсиниўге тәрбияланғанмыз. Бизлер ақ пенен қарадан басқа түрли реңлерди, жуўан даўыс пенен кишкен даўыстан басқа толып атырған сеслерди ажырата бермейтуғын болғанбыз, оларды ажыратыўға умытылмаймыз да. Бизлер «атызға шық», «пахта ек», «партияға рахмет», «Ўатаным -жаным анам», «Мен сени сүйемен гөззал» ҳәм т. б. усыған усаған астарланбаған, жалаңқат қосықларды аңсат қабыллаймыз, себеби олар қалай жазылса солай, тек туўра мәнисинде берилген. Бизлер не жазылса, не айтылса соны туўры түсиниўге әдетленип кеткенликтен, өткен әсирдеги Әжинияз пенен Бердақты, заманласымыз Ибарайым шайырды да тек хатқа түскен ҳалында ғана түсинемиз.

Әжинияз шығармаларының көбиси тымсалый ҳәм рәмзий сүўретлеў усыллары менен жазылған. Бул усыл орта әсирлик араб, парсы, түркий поэзиясының, баслы дәстүрлеринен боып есапланады. Ой-пикирди, ишки сезимлерди, руўҳый ҳалатларды шайырлар ышқы-муҳаббат лирикасында тымсалый ҳәм рәмзий образлар жәрдеминде бериўди үрдис етип алған еди. Ашықлық лирикасы әсиресе суўфийлик поэзиясында беккем орнықты, оның тикарын қурайтуғын жанрларының бири болды. Зийўар шайырдың

да муҳаббат лирикасының идеялық мазмуны, жанрлық өзгешеликлери суўфийлик ямаса тасаўўыф тəлиматы менен беккем тамырласып кеткен. Биз Зийўар шайырдың муҳаббат қосықларында суўфийлик илими ҳəм суўфийлик поэзияның идеялық мазмуны, көркемлик нызалары тийкарында қарасақ ғана көп нəрселер аян болады. Əжинияз шайырдың «Əй назалимлер», «Гөззаллар», «бир жəнан», «Бир пəрий», «Сəўдигим» қосықлары XIX əсирдеги қарақалпақ поэзиясында пинҳамы лириканың (интим лириканың) əжайып үлгилери болып есапланады. Пинҳамы лириканың тəртиплери дүнья əдебияты бойынша бирдей . Онда лирикалық қаҳарманның жүрек төринде жатырған нəзик сезимлери көринеди, ол өз жүреги менен өзи сөйлейди, өзиниң руўхый кеширмелерин, дəртлерин, ҳалатларын баян етеди. Соның ушын да дүнья шайырлары ышқы-муҳаббат сезимлерин жырлағанда пинҳамы (интим) лирикаға жүгинеди, оның жанрлық мүмкиншиликлерин исе асырады. Əжиниязға шекемги ҳəм оған заманлас шайырларда пинҳамы лирика жанр сыпатында қəлиплескен жоқ. Демек, XIX əсирдеги қарақалпақ поэзиясында пинҳамы лириканы жүзеге келтирген ҳəм əдебий жанр сыпатында қəлиплестирген Əжинияз болды.

Əжинияздың қолланған рəмзий образларының көпшилиги қалың журтшылыққа түсиникли, себеби олар халық арасында кең тарқалған образлар. Мысалы, қозы шарўашылық пенен көбирек шуғылланған халықларда сүйикли перзен рəмзи. Əжиниязда бул символ төмендегише көринеди: «Йғылмағыл қарақ көзге йаш алып, Жаным узра сəўер қозым қал имди» Кəба- меҳрибан ата ямаса анна рəмзи. «Меҳрибаным мушфиким, кəбам хош имди». Алтын тақ-бағы-дəўлет, жанған от-ығбал пешана рəмзи.

Бир нешени алтын таққа миндирип,
Бир нешениң жанған отын сөндирип.
(Әрманий дүнья)

Әжинияз рәмзий ҳәм тымсалый образларды тек ғана қосықлардың сыртын сырлаў ушын қолланбайды, яғыный олар тек көркелеў қураллары шегерасында қалып қоймайды. Шайыр оларға терең турмыслық, философиялық мәнилер жүклейди, оларды пухаралық, социяллық мәселелерди, идеяларды сәўлеленириўде утымлы пайдаланады. Әжинияздың шайырлық шеберлигиниң бир көриниси усы рәмзий ҳәм тымсалый образларды усталық пенен пайдалана билиўинде.